# НУР

6+



ISSN 0207-6551

7

2016

ЩОКЪУИЙ Къадир

# Сыт къэхъуар?

(пщэдджыжь рассказ)

— Сыт къэхъуар?..

Адакъэр и дамитӀым щымысхьыжу сабэр дрепхъей, маӀуэ.

Бабыщ зэрыбыныр пщӀантӀэм къыдэужыгъащи, зэхэзожэ. Бабыщ анэр гъумэтӀымэурэ, и макъыр нэхъри икӀащ.

Хьэвшыр щӀыкӀур, яӀэщӀэхуа цы топым хуэдэу, джэрэзу пщӀантӀэм дэтщ...

— Сыт къэхъуар?!



Нанэ пэгуныр и Iэдэжу  мамыжьым деж макIуэ, шкIащIэм къыдэхуа шэр къыщIишыну. Дадэ къиутIыпщащ шэ пIапIукIэ тхъэжа натIэху. Ар нэ пIащэщ, Iупэ баринэщ, и цыр данэм хуэдэу щабэщ, мэлыд. Абы и анэр бзэгу хуабэкIэ къебзейщ, къедэхащIэри къигъэфIащи, иджы  и кIэр исауэ хади пщIантIи зэщIегъыхьэ.

— Сыт къэхъуар?!

Пщащэ укIыта нэкIу тхъуэплъу, и бзий-ныбжьыщхэр игъэупIэрапIэу, къуэкIыпIэмкIэ къыкъуэплъащ Дыгъэр.

Адакъэр, бабыщ зэрыбыныр, хьэвшырыр, шкIащIэр — пщIантIэм дэт псори зэуэ сабыр къэхъури дыгъэм дежкIэ плъащ.

— Сыт къэхъуар?!

ЩIэщыгъуэу, дахащIэу, гумащIэу, мыпIащIэу пщэддджыжьыр къихьэу ращ бзу пшыналъэм хэту.

Ращ къэхъуар!..






# РЕДАКТОРЫМ И ПСАЛЪЭ

Ди пыбжьэгъу цIыкIухэ, бзум я пшыналъэ федаIуэу Гъэмахуэм и Iэпlохуэ щхъуантIэм фисщ. Абы фэ гухэхъуэгъуэу къывитынум хуэдиз къызэщкърыкIын компьютери телефони мы дунейм теткъым. Гъэмахуэр сабиигъуэ Iэфlым и Iэмыщlэщи, фыунэщI ар – мэракIуапцIэхэр евгъэмэрэкIуэхрэ хьэндырабгъуэхэм факъыдэжэу, тенджызыпс шыугъэм зыщIэвгъэмбрыуэрэ пшахъуэ пщтырым зыщывгъэгъуищыику, мэз жьауэми, джабэ нэкIухэми фыщыджэгурэ, зывгъэпщIыху хъыринэ зэмылIэужьыгъуэхэм феуарсэу. Гъэмахуэ псыхъуэр-щэ! Зы гъащIэ псо хъурт дыщыщIыкIум дэ абы тхъэжыгъуэу къыдиту щытар...

ЦIыкIухэ, мы къыдэкIыгъуэр зэрыщыгу зытеухуар *къуалэбзухэрщ*. Ахэр нэхъыфIу къэфцIыхун папщIэ, фэ нэхъ фызрихьэлIэу ди щIыпIэ щыпсэу бзу 17-м я сурэт тщIыри, ятеухуа *къуажэхьхэр* гъусэ яхуэтщIыжащи, абы я жэуапхэри усэбзэ дахэкIэ IуэрыIуатэм къыфхуедгъэIуэтэжынщ. «Бзу пшыналъэр» гукIэ зыщIэхэм я дежкIэ ар тыншу хъунущ. Бзу сурэтхэр зыщIар Кхъуэжь Дианэрэ Хьэлилэ Миланэрэщ, къуажэхьхэр зыусар Хьэту Петрщ.

Мыр тхылъу зэгуэфлъхьэ, зивгъэIэ, – къыфхуэщхьэпэнущ.

ЦIыкIураши, Iущыцэ хъужауэ, бзухэм фэ яхэфщIыкIыр зыхуэдизыр къыщIэну и мурадщ. Абы саугъэткIэ фыкъыдихьэхыну хэтщ куэдым щыгъуазэ губзыгъэ цIыкIухэр. Феплъ журналым и щIыбагъым. Абы тетщ ЦIыкIураш зыкъыпыфщIэ зэрыхъуну адресри, телефонхэри.

Фи сабиигъуэр гуфIэгъуэ нуркIэ зэщIэблэу тхьэм фыкъытхуигъэхъу!




# БЗУ ПШЫНАЛЪЭ



КЪУАЖЭХЬХЭР

1. Щхъуэкӏэплъыкӏэу дахэ дыдэщ,
Ауэ уеплъу къыпхуимыдэ.
Щтэӏэщтаблэ-къэщтэрейщ,
«Цырхъ» зэхихмэ, долъэтей.



**Бзу пшыналъэ** *(жэуапхэр)*

1 Мэз джэд адакъэр ***пъакъуапцӏэщ.***
2 Жылэр зыгъапцӏэр ***кӏыгуугущ.***
3 Зи нитӏ игуар ***жьындущ.***
4 Цы ӏэмпӏэ зи абгъуэр ***пцӏащхъуэщ.***
5 Зи дамащхьэ хыщхъуэр ***бжэндэхъущ.***
6 ***Бгъащхъуэ*** шырхэр мэлъэубабэ.
7 «Къуагъ» жызыӏэр ***къуаргъщ.***
8 ***Къанжэ*** жаӏэмэ, бзукӏакӏэщ,
9 Акӏэ зиӏэр хьэгуагуэщ ***(уэгунэбзу),***
10 Нэхущым пежьэр ***амкӏыщщ,***
11 Зи дамэ пхъашэр ***къашыргъэщ.***
12 Щхьэмажьэ сыджыр ***хьэрхьупщ.***
13 Мэш зыгъэкӏуэдыр ***тхьэрыкъуэщ.***
14 Жыг зыгъэкъабзэр ***жыгыуӏущ.***
15 Лей зымыгъэгъур ***вынд*** ***фӏыцӏэщ.***
16 Псыпцӏэр зи кӏуапӏэр ***кърущ.***
17 ***Цӏыжьбадэ*** и уэрэд дахэм
дадэрэ сэрэ дожьу.















17. Мы бзу цӀыкӀур гъэщӀэгъуэнщ,
ЗэщӀэпщӀыпщӀэуи къуэлэнщ.
Уэрэд гъуоуэ йоджэр дадэ
Пыӏэ фӀыцӀэуэ...



2. Анэ хъуну хуэмеижу
И джэдыкӀэр хыфӀедзэж,
Ауэ фӀыуэ зилъагъужу
И цӀэр куэдрэ къреӀуэж.




3
3. Нэгъуд-нэшхуэу гъэщІэгъуэн
Мы бзу дахэм сыт дэбгъуэн?!
Махуэ псом мыдым, – мэжей,–
Дымхэр жэщкІэ егъэлъей.


16. Бжьыхьэ къэскІэ щІыпІэ хуабэм
Мэлъэтэж гуп-гупу ахэр,
КъыщокІийхэр уафэ джабэм,–
Ягу пымыкІыу пфІощІ ди лъахэр.
16

15. И пи-и ци фӀыцӀэ дыдэу
Хэт ди жыгым тесыр шхыдэу?
Ар ещхьыфэщ къуаргъ пэджыдэ,
ЗыфӀощӀыж пащтыхьу мыдэ!..



4. А бзу цӀыкӀум, дзыхь къытхуещӀри,
Щхьэгъубжащхьэм абгъуэ щещӀ.
Iупэ гъуэжь хъужауэ шырхэр
«ЦӀу-цӀу» – жаӀэу къыщыреш.





5. Пхъэ унэфӏ худощӏ уэрэджыӏакӏуэм,
Къигъэзэжмэ, ар щӏэтӏысхьэжынщ.
Щӏыпӏэ хуабэм гъэкӏэ «зекӏуэ» макӏуэ,
Щилъэгъуар абы – къыджиӏэжынщ.



14. Пхъэ лажьэншэр игъэщэӏу
Тфӏэщӏу, жыгхэм ар йоуӏу.
Арщхьэ, цӏыкӏухэм пщӏэ худощӏ
Дохутырыфӏу ди...


13. Махуэм итщи ут гущIыIум,
Яхуэспхъа сэхураныр яшх,
«Къур-къур» – жаIэу, лъэм къеуIуу
КIунэ цIыкIу ягъэдыхьэшх.


6. Ар къуршыбгъэм и Iыхьлыщ,
И шхыныгъуэр, дауи, лыщ.
Шоуфэразэ уафэ къащхъуэм,
Губгъуэрысым и цIэр: ....


7. ЩIыпIэ хуаби зэй мылъатэ
Леймыгъэгъуу а макъейр,
И пэ гъумыр хуэдэщ джатэм
А зэуакIуэм, а щIыкIейм.


12. Зи сыдж мажьэ ажэ жьакIэу,
Зи пэр кIыхь къуэлэнпщIэлэн,
Гъатхэ къэскIэ «ВакIуэ дэкIыт!»–
КъыджиIэну зи къалэн.

11. Губгъуэ-бгылъэр зи хэщІапІэм
Бзухэр хедзэ хьэргъэшыргъэ,
Джэджьей быни зыдэт ди пщІантІэр
ПлъапІэ зыщІыр ар...



8. Джабэху хъужьу дахэкІейми,
А бзу фІыцІэр бзаджэкІейщ.
Къаугъэ лъыхъуэу кІакІэрейщи,
Хьэл мыгъуэжьуи дыгъуэрейщ.




9. А уэзджынэ макъыу жьгъруубзэр
ПфӀощӀыр бзийкӀэ уэгум кӀэрыщӀа.
Дахэ дыдэ и уэрэдым, и бзэм
Ди губгъуэшхуэм сэ гъэр сыщищӀащ.


10. Нэхущпежьэ-жьырытэджым
КъеӀэт зэуэ ди гунэджыр.
ТфӀощӀыр дису жэнэт лъахэ,
И уэрэдыр сыту дахэ!

# Хэт нэхъыфIу имытхрэ?!

*Ди зэпеуэм пыдощэ.*

1. Къуалэбзухэр щIымахуэм щIыпIэ хуабэхэм мэлъэтэж.
2. Абгъуэ зымыщI бзухэм ящыщщ: къуаргъыр, кIыгуугур.
3. Нэгъабэрей абгъуэхэр бжэндэхъухэм тыншу къагъуэтыж.
4. ЩIымахуэр къэсмэ, къуаргъхэм загъэпщкIу.

❋ Мы псалъэхэм къаIуатэ гупсысэхэм щыуагъэ яхэтмэ къыхэвгъэщи, зэрыщытын хуейм тету (пэжу) зэвгъэзэхуэж.

❋ Псалъэуха къэс къыззэрыщIидзэ (пэублэ) хьэрфыр къыпывгъэщхьэхукI. А хьэрфхэр къыззэрыхэфха зэкIэлъыкIуэкIэм тету зэкIэлъыфтхмэ, къуалэбзу гуэрым и фIэщыгъэцIэм хуэкIуэу псалъэ къэхъунущ. Феплъыт. Зэпыфщэфыну пIэрэ а хьэрфхэр?

❋ Псалъэухахэм яхэтщ къуалэбзу зыбжанэм я цIэхэр. А цIэхэр къыщыгъэсэбэпа псалъэжьхэм, псалъэ шэрыуэхэм адыгэбзэм куэдрэ дыщрохьэлIэ. Сыт хуэдэ ахэр? Фтхы.

❋ *«КъуанщIэ»* – псалъэм псалъэзэхэшэ ефщIэкIи девгъэплъыт. Фигу къыдогъэкIыж: хьэрф зэгуэтыр зы итын зэрыхуейр.

❋ Нур цIыкIухэ, псалъэзэхэшэм къуалэбзу гуэрхэм я фIэщыгъэхэр ивгъэзэгъэфмэ, фи зэфIэкIыр нэхъ лъагэу къэтлъытэнут.

| | | | | |
|---|---|---|---|---|
| къу | | | | |
| | а | | | |
| | | н | | |
| | | | щI | |
| | | | | э |



Нур ЩыкIураш









Бахъсэн къалэ дэт Прогимназие №3-м и къэфакIуэ цIыкIухэр, я гъэсакIуэ КЪУЛЫМ Мадинэ ящIыгъуу

*Ежемесячный литературно-художественный журнал для детей*

Издается
С 1 января 1982 года
№ 7 2016 г.

Учредители:
Госкомитет КБР по печати и массовым коммуникациям,
360000, КБР, г. Нальчик, пр. Ленина, 5
Общественная организация «Союз писателей КБР»

И. о. главного редактора
**Б. АБРОКОВА**

Редколлегия:
**Х. КАРМОКОВ**
**А. КАРМОВА**
**Е. ТХАМОКОВА**
**Х. ТИМИЖЕВ**
**Н. ХАТУЕВ**

Художественный редактор
**М. ХАЛИЛОВА**
Оформление
**Д. КОЖЕВА**

Набор и верстка
**Н. РАСТОРГУЕВОЙ**

Свидетельство о регистрации № ПИ № ТУ07-00103 от 24 декабря 2014 г. Управление Федеральной службы по надзору в сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникаций по КБР.

Подписано к печати
27.06. 2016 г.
Выход в свет 29.04. 2016 г.

Формат 60х90 $^1/_8$
Бумага офсетная № 1
Гарнитура Arial Cyr, Minion Pro
Печать офсетная
Усл.печ.л. 2
Усл.кр.-отт 8
Уч.-изд.л. 2,7

Тираж 2900 экз.
Заказ № 437
Индекс 73912
Стоимость одного номера по подписке через ФГУП «Почта России» – 12,47 руб.; за 6 мес. – 74,82 руб.
В розницу – цена свободная.

Адрес редакции:
360000, Нальчик,
пр. Ленина, 5
42-75-30, 42-17-53
nur46@mail.ru

Адрес издателя: 360017,
г. Нальчик, пр. Ленина, 5.
ГКУ «КЦО СМИ КБР».
Дом печати.

Отпечатано
ООО «Печатный двор»
360030, КБР, г. Нальчик,
ул. Калюжного, 1
printhouse07@gmail.com,
Тел./факс 8(8662) 74-11-33.